

REZIME KLAS #6: Atachman ak alètman an

1. Atachman se lyen afektif ki pwodui ant ti bebe a ak moun k ap pran swen li yo. Yon ti bebe ka atache ak diferan moun: manman l, papa l, grann li, moun k ap veve l, elatriye. Men, an jeneral gen yonn ki pi enpòtan, ki konn manman an.
2. Levasyon timoun yo trè enpòtan e li afekte devlopman yo anpil. Fason nou pran swen yo se fason yo pral aprann, grandi ak konpòte yo nan lavi yo. Gen diferan kalite atachman ki devlope selon kapasite moun kap bay swen an pou reponn ak bezwen tibebe a.
3. **Atachman ak sekirite** se ideyal tout timoun ta dwe genyen.
 - Sa a devlope lè timoun nan konnen moun k ap ba l swen an toutali vre e p ap dekouraje avè l. Timoun nan santi yo renmen l, aksepte l e ba l valè.
 - Pou sa li enpòtan pou paran yo atantif e disponib pou bezwen pitit yo: kalme yo lè y ap kriye, ba yo kontak fizik ak siy afeksyon, ba yo manje lè yo grangou, elatriye.
 - Timoun ki gen atachman ak sekirite yo aktif, yo renmen aprann, jwe ak eksplòre.
 - yo gen konfyans nan moun.
 - Li enpòtan pou manman an (oswa moun k ap pran swen li) rete konstan nan aksyon li.
 - Avantaj sa yo rive jiskaske yo granmoun tou. Yo ka genyen bon relasyon ak lòt moun, avèk konfyans, respe e sekirite
4. Lè sa a, gen **Atachman ensekirite**, lè timoun nan pa santi l an konfyans.
 - Timoun nan pa fè moun k ap bay swen l konfyans epi li gen yon santiman ensekirite konstan, li pè pou pafwa moun k ap pran swen l yo la epi lòt fwa yo pa la.
 - Timoun yo pè e yo kriye anpil lè yo separe ak manman yo, e li difisil pou yo kalme lè manman an tounen. Timoun sa yo souvan bezwen pou paran yo pwòch ak konfime sa yo vle fè a bon epi yo toujou ap veve pou yo pa abandone yo.
 - Lè yo vin granmoun yo ka jalou e posesif, li ka difisil pou yo pran desizyon, pou yo fè kèk bagay poukont yo epi yo ka manke konfyans nan pwòp kapasite yo.
5. Genyen yon mòd **Atachman evitman** tou, lè timoun yo santi yo pa ka konte sou moun k ap ba yo swen yo, sa ki lakòz yo soufri.
 - Ou ka wè ke ti bebe sa yo pase anpil tan poukont yo, yo pa kriye lè yo separe ak manman yo epi evite kontak. Yo gen difikilte pou kontwole ak eksprime emosyon yo, e sa ka afekte anpil nan lavi granmoun yo.
 - Pou timoun e granmoun sa yo, li difisil pou yo fè konfyans e rantre nan relasyon ak lòt moun, li difisil pou yo travay an gwoup epi yo ka abandone fanmi yo pi fasil.
6. An dènye gen mòd **Atachman dezòganize** a ki pi ekstrèm.
 - Se yon melanj ant atachman ensekirite ak evitman kote timoun nan prezante konpòtman kontradiktwa e ki pa apwopriye.
 - Li rive lè moun k ap bay swen yo te neglijan oswa timoun yo te soufri abi.
 - Timoun yo pa fè moun k ap ba yo swen yo konfyans, yo ka menm pè l. Yo gen tandans fè gwo kòlè, kraze jwèt, reyaji britsoukou ak difikilte pou antann yo ak moun k ap ba yo swen yo ak ak lòt moun.
 - Lè yo granmoun, yo gen plis chans pou yo gen pwoblèm sikyatrik, pou yo abize lòt moun, oswa fè krim.
7. Youn nan benefis ki genyen nan kontak po a po se ede etabli lyen atachman ak sekirite a.
8. Timoun 6 mwa ki te fè kontak po a po yo peze prèske 500 gram anplis, e majorite a te tete sèlman. A ennan, yo gen pi bon devlopman sikomotè
9. Timoun ki pa t gen kontak po a po yo vin pi malad epi gen plis ki mouri. Sa se paske afeksyon ak kontak fizik se yon bezwen byologik tou pou timoun yo ka bien devlope.
10. Lyen atachman an bati piti piti nan echanj chak jou e ki pa kanpe. Pou sa, li enpòtan pou paran yo pwòch e disponib.
11. Yon bon atachman favorize lyen emosyonèl ant manman an ak pitit li epi pèmèt rapò ki kreye ant yo dire pi long e yon pi bon kalite alètman an.

